

31 out

Yo mete manti nan plas verite Bondye a. Yo pito adore kreyati Bondye. Yo sèvi yo pito pou yo adore Bondye ki kreye yo a, li menm ki merite pou n fè lwanj li tout tan. Women 1. 25

Wi, se ou ki fòmè tout pati nan kòm, se ou ki ranje yo byen ranje nan vant manman m. M ap fè lwanj ou paske ou pa manke fè bèl bagay. Tou sa ou fè se bèl bagay. Mwen konn sa byen. Sòm 119. 13, 14

Gran Bondye kreyatè a

Bondye te pale e l ap pale ankò jodi a ak lòm. Depi nan tan lontan, sou tout lajè nati a, gwo pouvwa ak gwo konesans Bondye parèt byen klè. “Syèl la fè parèt aklè pouvwa Bondye a. Li fè wè tou sa Bondye te fè ak men l” (Sòm 19. 1). “Li pale bagay la rive. Li bay lòd bagay la rive fèt” (Sòm 33. 9). “Se ak li Bondye fè tou sa ki nan syèl la ak sou latè a, sa nou wè ak sa nou pa wè... Se ak Kris la Bondye te kreye yo tout. Epi se pou li li te kreye yo” (Kolosyen 1. 16, 17). Linivè sa a, nan tout admirasyon li atire nan fason li gwo ak nan fason li piti, li fè parèt aklè gwo pouvwa Bondye ki kreye l la. Gwo pouvwa Bondye sa a, atire admirasyon lòm, men souvan li pa pote okenn rezilta pou yo : Konsyans li pa touche, li pa vle koute Bondye.

Men, Bondye deklare, temwayaj kreyasyon an pote a, yo pa ka voye l jete, li rann yo responsab. “Depi Bondye te fin kreye tout bagay, tout moun ki egzaminen travay li yo ka rive konprann ki kalite moun Bondye ye, bagay nou pa ka wè ak je nou : ki vle di, jan li gen yon pouvwa ki pap janm fini, jan li se Bondye toutbon. Se sa ki fè moun sa yo pa gen eskiz menm” (Women 1. 20).

Se pa nou k ap mezire nivo responsablite moun ki pa rekonèt temwayaj sa a. Men, ann koute sa pawòl Bondye a di ankò, moun fou di nan kè yo : “pa gen Bondye” (Sòm 53. 1). Nou menm ki kreyati li, èske n ap kite menm vye pretansyon sa a kondui nou ?

31 août

... Eux qui ont changé la vérité de Dieu en mensonge et ont vénéré et servi la créature plutôt que celui qui l'a créée. Romains 1. 25

Je te célébrerai de ce que j'ai été fait d'une étrange et admirable manière. Psaume 139. 14

Le grand Dieu créateur

Dieu a parlé et parle encore aux hommes. A travers les âges et sous toutes les latitudes, la nature témoigne de la puissance et de la sagesse de Dieu. "Les cieus racontent la gloire de Dieu, et l'étendue annonce l'ouvrage de ses mains" (Psaume 19. 1). "Il a parlé, et la chose a été ; il a commandé, et elle s'est tenue là" (Psaume 33. 9). "C'est par lui que tout a été créé... et tout subsiste par lui" (Colossiens 1. 16, 17). Cet univers, aussi merveilleux dans l'infiniment grand que dans l'infiniment petit, parle de la grandeur de son Créateur. Cette puissance divine suscite l'admiration de l'homme, mais souvent il n'en tire pas de conséquences : sa conscience n'est pas atteinte, il ne veut pas écouter.

Pendant Dieu déclare que ce témoignage irréfutable de la nature rend les hommes responsables. "Depuis la création du monde, ce qu'il y a d'invisible en lui (*Dieu*), c'est-à-dire à la fois sa puissance éternelle et sa divinité, se discerne au moyen de l'intelligence, d'après les choses créées, si bien qu'ils sont inexcusables" (Romains 1. 20).

Ce n'est pas à nous de mesurer le degré de responsabilité de celui qui ne reconnaît pas ce témoignage. Mais écoutons encore une parole de la Bible : "L'insensé a dit dans son cœur : Il n'y a point de Dieu" (Psaume 53. 1). Nous laisserions-nous aller à cette prétention, nous qui sommes ses créatures ?